



Anrejistre pou yon Kont Lekòl Vil Nouyòk (NYCSA)

Alo Fanmi,

Li enpòtan pou lekòl ou a kapab kontakte w pou mete w okouran rapidman sou enfòmasyon esansyèl pou w konnen, ladan ka COVID-19 yo konfime nan lekòl pitit ou a. Tanpri anrejistre pou yon Kont lekòl Vil Nouyòk (New York City Schools Account, NYCSA) pou nou ka kontakte w pa telefòn, pa imèl oswa pa mesaj tèks. Avèk Kont NYCSA a, ou ka gen aksè nan nèt, orè, enfòmasyon sou mwayen transpò pitit ou a, ak plis toujou—kèlkeswa kote ou ye a, ak nan nèf lang DOE tradui yo. Pou ou kapab wè dosye pitit ou a, mande lekòl ou a yon Kòd pou kreye yon kont.

Si w pa gen yon kont, anrejistre pou youn jodia nan schools.nyc.gov/nycsa.
Li pran senk minit sèlman!